МКОУ «Буртунайская средняя общеобразовательная школа»



# Ц1адаса Х1амзатил «Г1акдал кеч1» абураб темаялда

# 5 классалда литератураялъул дарс

Автор : Г1алиева Загъра-авар мац1алъул ва адабияталъул муг1алим

Директор БСОШ: [signature] /Абдуев Р.А./

# 5 класс авар адабият.

**Тема :** Ц1асдаса Х1амзатил «Г1акдал кеч» ц1али ва анализ.

Дарсил мурадал: 1.Ц1 Х1амзатица мискинчиясул г1умруялъул сурат бихьизабураб куц, г1ака хвеялдалъун гьесие ккараб зараладалъул кутак ц1алдохъабазда бич1ч1ин.

2.Цогияздехунисеб рек1елгурх1и ва х1еренлъи ц1алдохъабазулъ бижин

3. Г1акълу , пагьму камиллъизабила

**Дарсие х1ажатал алатал**: интерактивная доска, таблица коч1ол г1уц1игун бугеб, презентация, тестал, т1ахьал, тетрадал.

**Дарсил ин:**

1. Байбихьи(ц1алдохъаби х1адуриладарсиде)
2. Дарсил мурадал баян гьарила
3. Цебеккун лъазабуралдасан **тестал гьарила:**

1.Гьадинаб эпиграф кинаб асаралда цебе кьун бук1араб?
Бергьарасул къуваталдаса къурасул г1акълу бергьуна
А) «Гъалбац1ги Г1анк1ги»
Б) «Ч1ибирикъ»
В) «Шаламаз»

2. 1925 соналъ кинав аваразул шаг1ир гьавурав?
А) Г1абасил Мух1амад
Б)Инхоса Г1алих1ажияв
В)Г1абдулмажид Хачалов

3.Гьаб кинаб асаралдаса босараб?
Квание х1алги кьун, х1алт1и к1очон тун,
К1варал мискинзаби зурулел гьанже.
А) «Т1абиг1ат- берцинаб жо»

Б) «Хъуру-хъара»

В) «Бечедал чаг1азде»

4.Ч1ух1би абураб раг1иялъул маг1на баян гьабе.

А) бак1алда ц1ар

Б)росабазул судиял

В) ракьа гьеч1еб гьанал кесек

5.Халкъияб асар бате

А) «Ганч1ил вас»

Б) «Ч1ибирикъ»

В) «Шахламаз»

**4. Рокъобе кьураб ц1ехела. Ругъжаса Элдариласул биография, кеч1 «Хъуру-хъара»**

3-4 ц1алдохъанасда

4. Ц1ияб темаялде рач1ина суалаздалъун
«Гъалбац1ги г1анги» маргьаялъул автор щив?
Жакъа нилъеца бицине буго Ц1. Х1амзатил г1умруялъул ,
Гьесул «Г1акдал кеч1» абураб асаралъул.

Литературияб диктантанталдалъун рак1алде щвезабила Ц1
.
Х1амзатил г1умру .
Гьоркьор риччарал раг1аби лъе.

Дагъистаналъул халкъияв ......... Ц1.Х1амзат гьавуна ........
соналъ ..... районалъул ....... росулъ. Х1амзатил эмен...........
вук1ана мискинав векьарухъан. Гьит1инго эбел-эменги хун,
бесдаллъана ... лъимер . Х1амзат вук1ана рит1ухъав чи.
.......абураб кеч1 къват1ибе бахъич1ого таралъухъ гьесие
кьолеб бук1ана кьолораб чу.
Нужеца цебехун ц1алана Х1амзатил .......... абураб маргьа.

Ц1.Х1амзат хвана………соналъ.

Гьанже кеч1 ц1алила , анализ гьабила.

5. Словарияб х1алт1и:

Баркат-хайир ц1ик1к1араб х1айван

Аятал-калимаби

Алфазал-коч1ол раг1аби

Баркаман-беричаб, баркат бугеб

Шайих-балъголъи лъалев г1алимчи

Панз-х1айван

Т1абг1- хасият, г1амал

Х1арим- жанибе лъугьине гьукъараб, къараб мегъ

6. (Таблицаялдасан аллитерациялъул гьаркал ратизе т1амила, эпитетал ратила)

Бух1араб къавуда къварилъи ккедал,
Къалмица угьизин панаяб х1ухьел.
Гьудуласул баркат маг1ида байдал,
Маг1ил аяталлъун алфазал хъвазин.

Ц1алдохъаби жалго ч1ун ц1ализе т1амила, иргадал ц1ализабила

7.Х1ай «Миллионер»

8. Рокъобе х1алт1и кьела : кеч1 пасих1го ц1ализе, аллитерациялъул гьаркал ратизе лъазе,

Коч1олъ кьураб г1акдал сурат бахъизе.
Дарс г1амлъизабила, ц1алдохъабазе къиматал лъела .

9. Къо-мех лъик1.